
ZORI_ISLAMA WWW. ZORI-ISLAMA.COM

23 март 2023 год № 6 (526)





ОРДЕН «ЗА ЗАСЛУГИ ПЕРЕД УММОЙ» 1 СТЕПЕНИ

ИСЛАМАН ЗIАЬНАРШ

РЕСПУБЛИКАНСКАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА «ЗОРИ ИСЛАМА»

ВЫХОДИТ С 6-ГО НОЯБРЯ 1990 ГОДА

ПЕРВАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА В СССР

НР КОНСТИТУЦИН – 20 ШО

МЕХАЛА ГIУЛЧАШ



Нохчийн халкъана, махкана сингаттамаш дебош беара XX-XXI-гIий бIешераш хотталун мур. ТIеттIа марсабуьйлуш, кхехкаш буьрса тIом бара Нохчийчохь. Дела воцург накъост воцуш шен дегаIийжамечу гIайгIанашца цхьалха диснера нохчийн халкъ. Луьрачу тIамах шайн синош довдийна махкаха бевллера цхьаболу нах. Коьртачу декъана миска нах бара, арабовла ницкъ цакхачарна цIахь бисинарш. Бакъду, уьш миска бара аьлла, царах къинхетам беш цхьа а вацара. Зуламхоша «гIазакхашна дохкаделла шу» бохуш чехабора уьш. Федеральни эскаран дукхах болчу векалша «тIемлошна гIортор хилла Iеш ду шу» бохуш таIзар латтадора цаьргахь. Маьршачу дахарх йолу дегайовхо а де-дийне даларца гIеллуш схьайогIура. Амма мел йеха буьйса а цкъа маца а чекхйолу, маьлхан зIаьнаршца дуьне серладоккхуш. Иштта хилира Нохчийчохь а.

2000-чу шеран асаран беттан I2-чу дийнахь РФ-н Президента Путин Владимира тIе куьг йаздина Указ зорбане делира, Дала гIазот къобал дойла цуьнан, Нохчийн Республикин хьалхара Президент, Россин Турпалхо, Кадыров Ахьмад-Хьаьжа вайн республикин Куьйгалхо хIоттораН хьокъехь хаам беш. Цу чолхечу заманахь реза боцурш хиллехь а, тахана вайна массарна бIаьрла гуш ду, Нохчийчохь хIетахь хиллачу хьолехь иза уггаре а нийса йаьккхина мехала гIулч хилар.

Инзаре эрчо йара Нохчийчохь 2000-чу шарахь. Авиатохарша къинхетамза аьтта, лаьттаца дIашарйина гIишлош, цкъа а цхьанна ца гинчу къизаллица цIийла керчон бехк боцу адамаш, хIора дийнахь тIепаза бовш лаьтта кегий нах, бIаьрга сара кхетча санна холчахь, уьш лохуш, царна тIаьхьа бевлла, уьду декъаза наной, деэшаро гIелбина, хеназа къежбелла божарий. Да вийнарг а Iебара волуш дара хIоьттина хьал. Цу йуккъехула талораш деш хьийза зуламхой. Дерриге а нохчийн халкъ вала да воцуш дисина даьлла, аьлла хетачу хенахь АллахI-Делера совгIат санна гучувелира Кадыров Ахьмад-Хьаьжа. Цо уггаре а хьалха аьлла дешнаш иштта дара: «Со тIом сацон араваьлла вац, буьрсачу тIеман цIе Нохчийчохь кхин цкъа а ца хилийта араваьлла ву!»

ХХ-чу бIешеран 90-чу шерашкахь дуьйна Нохчийчохь Iаламат дика вевзаш вара Ахьмад-Хьаьжа. Цхьана ханна Нохчийн Республикин муфтин даржехь болх бинера цо. Цкъа а цхьанна тосаделла дацара цуьнан дош шалха даьлла. Массарел хьалха вахабизмана дуьхьал вала доьналла хилира цуьнгахь. Халкъана чIогIа тайнера деш дерг а, дуьйцуш дерг а Кадыров Ахьмад-Хьаьжин цкъа а галлморзах долуш цахилар. Путин Владимира иза вайн республикин Куьйгалхо хIоттавар а цундела цIеначу даггара къобалдеш тIелаьцнера Ахьмад-Хьаьжа вевзаш а, везаш а болчара. Шалхонаш йоцуш цо хецна дечу къамело а, кийтарлонаш ца лелош бакъдолчунна тIетийжаро а буьрсачу тIамо къиза Iовжийначу вайн махкахойн синошкахь сирлачу сатийсамийн суй латийра, нохчийн къоман зовкхечу кханенах тешийра.

Массо хIуманал а чIогIа вайн махкахошна Кадыров Ахьмад-Хьаьжехь товш дерг, цо цхьаннах а ийза ца луш, дукха майра федеральни эскаран эпсаршца деш долу къамел дара. Уьш кест-кеста дIахIуьттура нохчийн йарташна салташка гуо лоцуьйтий, тIаккха буса сахиллалц бронетехника хехкалора урамашкахула зударий, бераш кхерош. «Зачисткаш» йо шаьш бохуш нехан керташкахула эвхьаза лелара салтий, бIаьрг кхетта жима стаг, бехк белахь а, бацахь а дIавуьгуш, лар ца йуьтуш иза къайлавоккхуш. Луьста хIуьттура и тайпа къизаллех сийса киртигаш вайна тIе. Бакъду, Ахьмад-Хьаьжина и тайпа сурт тосаделлачу маьргонехь иза цу йуьрта дIакхочура, шегахь болчу ницкъаца деэшначунна къинхетаме орца кхачадора.

Вайн махкара Iаламат дукху адам буьрсачу тIамах дедда Нохчийн Республикин дозанал дехьа даьллера шайн синош довдийна. Царах дукхах берш ГIалгIайчохь четаршкахь дIатарбеллера. Уьш цIаберзоран хьокъехь а гIайгIа бира мехкан куьйгалхочо, царна массарна бегIийла петарш кечйина.

Кхин а чIогIа мехала гIуллакх дара Кадыров Ахьмад-Хьаьжас цIаберза луучу тIемалошна некъаматарш йаккхар. Вайна массарна гина ду шайн карара герз охьадуьллуш дуккха а кIентий машаречу новкъа бовлар а, Iедалера кхин зензулам доцуш уьш цIабирзина доьзалшца баха ховшар а. Цхьана а кепара щеко йоцуш иза Кадыров Ахьмад-Хьаьжех даьлла беркат дара. Дукха нахана цунах мерза кхаъ хилира. Гуш дара мехкан куьйгалхо цIеначу даггара араваьлла хилар а, шен халкъан сингаттамаш а, баланаш а цуьнан экамчу сих хьекхалуш хилар а. Бакъду, иза цкъа а вацара шена цхьанна хетачунна тIегIерташ а, шена хетарг тIедаккха лууш а. Кадыров Ахьмад-Хьаьжа хIора ког халкъах дагаволуш боккхуш вара. Цунна къеггина тоьшалла ду 2003-чу шеран бекарг беттан 23-чу дийнахь дIайаьхьна референдум а, тIеэцна Конституци а. Шарахь сов кечамаш бира референдумна. Цхьа хаттар дара халкъан кхиэле диллинарг: Нохчийн Республика кхиаран кхин дIаболу политикин некъ. И хаттар дийцаре дира шуьйрачу хаамийн гIирсашкахь, йуьртахь, школашкахь, больницашкахь, институташкахь, йукъараллин цхьаьнакхетаршкахь. Мискачу адамийн дагара хиъча, ца сихвелира Ахьмад-Хьаьжа референдум дIайахьа. Цо нохчийн къоман гуламе кхайккхира халкъан векалш. Гуьмсехь 2002-чу шеран гIуран беттан II-чу дийнахь дIабаьхьначу гуламехь массара тIечIагIдира референдум хила йезаш хилар а, Нохчийн Республикин Конституци тIеэца йезаш хилар а.

Нийса хир дацара дерриге а дуьйцуш санна шера дIадоьдуш дара аьлча. Iаламат дукха мостагIий хиллера нохчийн халкъан. Цара кIезиг къа ца хьийгира Нохчийчуьра тIом кхин а марсабаккха лууш. Кхин долу зуламаш ца хьехийча а тоьар дара вайн мостагIаша 2002-чу шеран гIуран беттан 27-чу дийнахь дина зулам. БIе гергга стаг хIаллак хилира цигахь. Чим хилла йегира Нохчийн Республикин Правительство чохь хилла гIишло. Дукха нах заьIап бисира. Дукха нехан дегнаш Iовжийра. Делахь а церан ницкъ ца кхечира Кадыров Ахьмад-Хьаьжа кхерон а, йуьхьар лаьцначу Iалашонна тIера иза ваккха а.

Нохчийн Республикехь референдум дIайахьаран некъ ларамза йуьхьар лаьцна бацара къоман баьччано. Вайна массарна хууш ма хиллара, оьрсийн паччахьан Iедало масех бIе шарахь Iазапехь латтийнера нохчийн халкъ, хаддаза буьрса кхехка тIемаш бахьанехь самалха дала ца дуьтуш. Советийн Iедало вайн синошна къинхетамза йина чевнаш а йирзина йовлаза йара. Цара дегабаамаш латтабора мискачу адамийн кийрахь, Кремлерчу хьаькмашка цабезам хьекъош. И дегабаамаш марсабохуш каде хьийзаш массо а тайпана питанчаш бара, Нохчийн Республикехь референдум ца хилийта Iалашо лаьцна. Цундела халкъо ша харжам бича бегIийла хеташ йукъадаькккхина дара референдумах долу къамел. Кадыров Ахьмад-Хьаьжин а, цуьнан тешамечу накъостийн а цхьана а кепара шеко йацара вайн махкахошна кхин дIадолчу дахарехь Россица йолу гергарлонийн зIенаш чIагIйан луург хиларх. Делахь а и хаттар халкъан кхиэле диллина, цунна хIорамма жоп лойла лиира Кадыров Ахьмад-Хьаьжина. Цуьнан лаам тIехь севцира улле бевлла накъостий а.

ТIекхечира 2003-чу шеран бекарг беттан 23-гIа де. Иттеха шарахь машаречу дахаре гIийла сатийсина нохчийн халкъ араделира къоман зовкхе боьду беркате некъ билгал баккха. Иза массарна цхьабосса Россица цхьаьна гуш хиллера. Вайн махкахоша кхаж тасарца и бакъдерг, цхьа а шеко ца йуьтуш билгал даькккхира. Цу дийнахь тIеийцира Нохчийн Республикин Конституци а. Нохчийн къоман кхане зовкхе хила лууш йаькккхина мехала гIулч йара 2003-чу шеран бекарг беттан 23-чу дийнахь дIайаьхьна референдум. Машаречу дахаре даькккхина гечо а дара. Нохчийн Республикин бахархой, Россин кхечу регионийн бахархошца, политикин а, экономикин а бакъонашкахь дIанисбира. Нохчийчоьнах къинхетамза хьаьрчина луьрачу тIеман цIе, доь ца дуьтуш дIайайарехь хьалхара гIулч йара 2003-чу шеран бекарг беттан 23-чу дийнахь вайн махкахь дIайаьхьна референдум.

Газиева Аза

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

КОНСТИТУЦИИ ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ – 20 ЛЕТ

ВЫБОР СДЕЛАННЫЙ НАРОДОМ ОСОЗНАННО!

В эти дни исполняется 20 лет со дня проведения референдума по вопросу принятия Конституции Чеченской Республики и законов о выборах Президента и Парламента Чеченской Республики. Чтобы понять, какая огромная работа предшествовала подготовке и проведению этого важного политического мероприятия, надо мысленно представить себе ситуацию, которая имела место быть в то время в республике.

Это был тяжелый период, когда все еще проводились зачистки, передвижение было крайне затруднено, объекты соцкультбыта практически были разрушены. К тому же положительный исход референдума означал крах проекту «Ичкерия». Поэтому ожидалось, что бандподполье приложит все свои силы, чтобы не допустить свободного волеизъявления народа и сорвать референдум.

Сегодня, прогуливаясь по чистым ухоженным улицам и аллеям г.Грозного, трудно даже поверить, что тогда здесь дымились руины и вся архитектура ограничивалась только лишь бесчисленными блокпостами.

Помнится, в те годы некоторые политические эксперты ставили под сомнение возможность проведения столь важного общественно-политического мероприятия в сложившихся условиях. Но стремление к мирной жизни Первого Президента Чеченской Республики, Героя России Ахмата-Хаджи Кадырова (Дала г1азот къобал дойла цуьнан!) и нас, его соратников, было настолько велико, что мы нисколько не сомневались в том, что только лишь всеобщим волеизъявлением народа, а не бесконечной войной нужно определить пути дальнейшего развития нашего общества. Для решения этой задачи 11 декабря 2002 года в г. Гудермесе состоялся Съезд народов Чеченской Республики, на котором была определена дата проведения всеобщего референдума - 23 марта 2003 года.

К всеобщему удивлению и радости голосование прошло весьма активно по всей республике. На отдельных избирательных участках люди выстраивались в очереди. Наблюдатели из разных регионов и стран с нескрываемым изумлением и отрадой отмечали этот факт.

Проведение референдума было своего рода подготовительным этапом выборов Президента Чеченской Республики. Это было важное и ответственное мероприятие в политическом смысле. Через полгода, 5 октября 2003 года, состоялись всенародные выборы Первого Президента Чеченской Республики. С выборами Президента ЧР все органы власти, так называемой Ичкерии, становились нелегитимными.

Таким образом, жители Чеченской Республики изъявили свое желание быть в составе Российской Федерации и избрали Первым Президентом Чеченской Республики Ахмата-Хаджи Абдулхамидовича Кадырова.

Волею судьбы, я был рядом с ним с первых дней назначения А.-Х. Кадырова на эту должность и до конца его жизни. Поэтому есть что вспомнить и рассказать. Но я пока остановлюсь на сфере культуры и искусств, которой руководил в ту пору.

В предвыборной программе, тогда ещё кандидата в Президенты Чеченской Республики Ахмата-Хаджи Кадырова, были такие слова: «Сила и мудрость – возрождению Чечни!». Он искренне переживал за поверженную культуру, думал над тем, как бы ускорить процесс её возрождения и развития. Был сильной, мужественной личностью и мудрым публичным политиком, имел дар влияния на людей различных социальных слоев, был настроен на всемерную государственную поддержку процесса развития национальной культуры, как важнейшего фактора формирования высокой духовности общества.

Материально-техническая база сферы культуры и искусств Чеченской Республики в тот период состояла из все еще дымившихся руин учреждений культуры и искусства. Пришлось начинать все буквально с нуля. Особенно тяжелыми были первые месяцы. Но придавало оптимизма понимание и поддержка Ахмата-Хаджи Кадырова. На любые обращения, при всей своей чрезмерной занятости, он оперативно реагировал: порой сам выдвигал неожиданные предложения относительно определения приоритетов на начальном этапе возрождения культуры.

Он горячо поддержал нашу идею о выработке обращения ко всем деятелям культуры и искусств, вынужденно покинувшим Чечню в годы социальных потрясений. Обращение такое под названием «Время собирать камни» было опубликовано во многих средствах массовой информации. Оно во многом способствовало возвращению в Чечню беженцев - бывших работников данной сферы.

Ахмат-Хаджи тогда пришел к мнению, что следует вернуть к творческой жизни такие символы национальной культуры, как Чеченский государственный драматический театр им. Героя Советского Союза Х. Нурадилова и Государственный ансамбль танца «Вайнах».

Мы совместно с руководством Государственной Третьяковской галереи объявили Международную благотворительную акцию «Вернем Грозному музей», в рамках которой был выпущен сборник материалов под одноименным названием со вступительным словом А. А. Кадырова. В нем говорится: «…Современные вандалы и пламя войны дотла уничтожили наши музеи, разбили и изуродовали их экспонаты»…

02 →

КОНСТИТУЦИИ ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ – 20 ЛЕТ

ВЫБОР СДЕЛАННЫЙ НАРОДОМ ОСОЗНАННО!

←01 Он охотно откликался на любые предложения участия в культурных мероприятиях, хотя было все ещё небезопасно передвигаться по республике. Искренне радовался каждому шагу на пути возрождения культуры.

Июнь 2001 года. Торжества по поводу ввода в эксплуатацию первого восстановленного здания Дворца культуры Ножай-Юртовского района. На открытие приехал Ахмат-Хаджи Кадыров. Радости ножайюртовцев не было границ. Если сам Глава республики прибыл на такое важное мероприятие, значит быть переменам в лучшую сторону, а душа народа - прекрасная провидица.

На базе Литературно-этнографического музея Л. Н. Толстого в ст. Старогладовской Шелковского района также в июне 2001 года состоялись торжества по случаю 150-летия первого приезда в Чечню Л. Н. Толстого. И на них присутствовал Президент республики А.А. Кадыров, что придавало торжествам высокий статус. В рамках юбилея была проведена межрегиональная научно-практическая конференция на тему: «Л. Н. Толстой и Чечня», на которой вступительное слово произнес А.-Х. Кадыров. «Мы должны путем подобных форумов вернуться в то прошлое, когда в единой семье жили ногайцы, татары, русские, чеченцы и т.д.», - заявил он.

В каждый свой приезд на мероприятия он в неформальной обстановке встречался с местными жителями, интересовался их жизнью, проблемами обустройства. Так было и во время поездки в феврале 2002 года в станицу Воскресеновская Шелковского района на открытие Ногайского культурного центра в только что восстановленном сельском Доме культуры. Он внимательно выслушал представителей ногайской общины, тут же решил вопрос оказания материальной помощи на ремонт сельской мечети, обещал принять меры по социально-



му обустройству ногайских поселений района.

А. А. Кадыров был щедрым человеком - любил радовать людей знаками внимания и подарками. Он знал лично всех именитых деятелей культуры и искусств, встречался с работниками аппарата министерства и руководителями всех республиканских учреждений культуры и искусств, принимал у себя отдельных творческих работников, выяснял их нужды, оказывал им необходимую помощь.

В дни своих юбилеев многие известные творческие деятели республики получили автомобили и почетные звания заслуженных и народных артистов ЧР. При поддержке Президента Чеченской Республики А. А. Кадырова Правительством Чеченской Республики было принято распоряжение «О мерах по социальной защите и стимулированию труда работников сферы культуры и искусства ЧР», согласно которому установлены надбавки работникам за стаж работы, почетные звания за счет республиканского бюджета. Этот документ позволил поднять зарплату культработникам в среднем на 40 процентов. Затем положения данного распоряжения были закреплены в Законе Чеченской Республики «О культуре».

Хотелось бы сказать и о личных качествах Ахмата-Хаджи. В любой среде он оставался самим собой: открытый, с изрядной долей юмора, бесхитростный. Он не умел лукавить. Его уникальная коммуникабельность подкупала собеседника, настраивала на добрый лад. Ему была присуща природная дипломатия. В круговороте дел он чудесным образом запоминал лица людей, помнил имена множества из них, с которыми он когда-то, даже в пору своей юности, встречался. У него была феноменальная память, которая воскрешала события, встречи... Он держал в памяти свои обещания людям, данные им даже при мимолетных встречах в ходе его многочисленных встреч с населением непосредственно в населенных пунктах, в производственных коллективах и учреждениях.

Словом, он был человеком слова и дела. Именно он заложил основу государственности современной Чеченской Республики. Отрадно отметить, что дело, начатое своим отцом, достойно продолжает нынешний Глава Чеченской Республики, Герой России Рамзан Ахматович Кадыров.

Мовла Осмаев

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

«ДАЙМОХК» ГАЗЕТАН ИСТОРИ

ЧАЛАЕВ БИЛАЛ



1955-чу шарахь Алма-Атахь арадала доладеллачу «Къинхьегаман байракх» газетахь йуьххьехь дуьйна балхахь хиллачарна йукъахь вара хIетта дахаран новкъаволуш, редакце балха ваханчохь сан уггаре а герггарчу хьехамчех цхьаъ хилла волу Чалаев Билал.

Оцу хенахь деша суьйренан школе а ваьлла, и гIуллакх девзаш а воцуш, редакце дуьхьара балха веанчу суна журналистан сийлахь корматалла карайерзорехь сан баккхий хьехамчаш хилира Габисов Бийсолта, Хасмагомадов Хьамид, Чалаев Билал, Джамалханов Зайнди, кхиберш.

Чалаев Билал белхан доккха зеделларг долу лаккхарчу корматаллин журналист вара. Нохчий цIера бахале хьалха а дуккха а шерашкахь редакцешкахь белхаш бина вара Билал. Дахаран, халкъан бахаман дерриге а дакъош дика девзаш а, ша газетана йазйечу материалашкахь царах лаьцна говза дуьйцуш а вара. Цул сов, цо лаккхарчу корматаллица оьрсийн маттера нохчийн матте гочдора партин а, пачхьалкъан а жоьпаллин документаш, тайп-тайпана книгаш. Билала йовзийтира суна шайх лаьцна цхьана а учебника тIехь йазйина йоцу оцу башхачу корматаллин къайленаш. «Дешна, лаккхара дешаран заведенеш чекхйахар кхачаме дац похIма долу журналист хила, - олура цо. – Уггаре а коьртаниг ду журналистан корматалла йезаш хилар, цуьнан хама бар, сий дар, лаккхара жоьпалла хилар. Журналист хIора дийнахь доьшуш, шен хаарш, дуьне довзар шордеш хила везаш ву. Цунна хаа деза муьлххачу а темина йаздан, ткъа цунна оьшуш ду и тема шена дика йовзар. Маггане а мегар дац шена девзаш доцчу гIуллакхех лаьцна кхечаьрца къамелаш дан. Масала, гIишлош йарх лаьцна йаздан ойла хилла гIишлошйаран организаце ваханехь, цуьнан куьйгалхочуьнца йа прорабаца къамел деш, девзаш хила деза цара деш дерг хIун ду, гIишлойн коьчалийн, гIирсийн цIераш», олура Билала.

«Къинхьегаман байракх» газетехь коьртачу декъана йаздора къинхьегаман адамех а, мехкан халкъан бахам кхиоран пхеашеран планаш кхочушйарх а лаьцна. Политикин материалаш газетан хиллачу книгийн отделехула брошюрашца арахоьцура.

1957-чу шарахь Нохч-ГIалгIайн АССР меттахIоттийча, кхайкхина схьавалийна, «Ленинан некъ» газетан редакторан декхарш кхочушдан хIоттийра Чалаев Билал.

Корматаллин журналисташ, газет арахецаран болх дика бевзаш болу белхахой боцуш, хала арадолуш хиллачу газетан болх цул тIаьхьа гуш лаьтташехь хийцабелира. Иза чулацаме а, кечдарца тоделла а дIахIоьттира. Хаалуш йара Билалан журналистан лаккхара корматалла. Цо газетан редакцин коллектива тIехь говза куьйгалла дина ца Iаш, ша а йазйора чулацаме материалаш. Цуьнан уьш муьлххачу а темина а, муьлххачу а жанрехь а дика нислора. Билала йазйора проблемни а, публицистикин а статьяьш, фельетонаш, репортажаш. Цо иштта боккха болх бора нохчийн матте гочйеш, газетана официальни материалаш кечйарехь а.

Чалаев Билал вина 1919-чу шарахь Теркан кIоштарчу Лаха-Неврехь. Цигарчу школехь дешна, чекхйаьккхина ворхI класс, цул тIаьхьа – техникум. Йуьхьанца йуьртарчу школехь хьехархочун болх бина. Амма дукха хан йалале кIоштан газете дIавигира иза. Цул тIаьхьа, Билалан дешаран а, иза шен балхах кхетаран а мах хадийна, Соьлжа-ГIала «Ленинан некъ» газете схьавалийна. Сийлахьбоккхачу Даймехкан тIеман уггаре а халачу шерашкахь, нохчий махках баххалц, «Ленинан некъ» а, Гуьмсан кIоштан а газетийн редакторан, республикин книгийн издательствон директоран даржашкахь а, кхечу меттигашкахь а белхаш бина.

Чалаев Билал говза журналист хилла ца Iара. Иза похIме йаздархо а вара. Цо йазйинчу «Ломан леча» повеста тIехь дуьйцу Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIамехь турпалла а, майралла а гойтуш, ша-шен ца кхоош фашистех леттачу Нурадилов Ханпашин хьуьнарх, цо ша цхьамма 920 фашист верах, фашистийн эпсарш а тIехь, мостагIий йийсаре балорах, царна кхидолу зенаш дарах лаьцна. Билала иштта йазйира «Хьалхара безам», «Теркан тогIенехь», кхийолу повесташ, очеркаш, дийцарш.

Билалан дахарехь дуккха а доттагIий а, накъостий а бара. Цо къаьсттина деза лорура Магомаев Хасмохьмадца, Габисов Бийсолтица, Хасмагомадов Хьамидца, Исмаилов Халидца, цхьамогIа кхечаьрца хилла гергарло. Белхан коллективан, накъостийн шега хьашт долуш а, цара сийларам беш а вара. Цунна хаьара гуонаха болчаьрца герггара, даггара йукъаметтигаш лело, ша везийта. Гуттар а кийча вара оьшучунна гIо-накъосталла дан. «Билал оьзда, мерза стаг ву», - олура цунах лаьцна иза вевзачара. Суна цуьнгахь иза уггаре а оьзда, цIена, гIиллакхехь хоьтуьйтуш дерг дара, ур-атталла цхьаболу цуьнан накъостий а – «интеллигенцин векалш» олуш берш, тезетахь доIина куьйгаш лаца а, салам дала а хIуттуш хилла боцчу хенахь Билала ша муьлхха а гIуллакх дIадолош, ур-атталла ручка схьаэцна, ша цхьа могIа йазбан волалуш а «Бисмилла» доккхуш хилар. Иза ламазмарха а долуш, цIена бусалба стаг вара. Оьзда, бертахь доьзал бара Билалан.

ЧIогIа ца дезаделира цунна дIадаханчу бIешаран дезткъе итталгIачу шерашкахь Нохчийчохь хIоьттина хьал. ХIетахь Москвахь хилла болчу а, ткъа иштта республике баьхкина, Iедална коьрте хIиттина болчу а хьаькамашна чIогIа реза вацара иза. Дахар, дуьне девзаш, зуламхоша дIахьош йолчу политиках дика кхеташ волчу цунна хаьара цара йуьхьарлаьцна некъ зуламе буйла, лелош долу гIуллакхаш муха чекхдевр ду, цара стенна тIедалор ду.

Билала йоккха хазна йукъайиллира къона журналисташ кхиорна. Иза кегийрхошна башха хьехамча вара. ХIинца а кIезиг бац цо журналистан сийлахь корматалла карайерзорехь доккха гIо-накъосталла дина белхахой. Уьш бу Магомаев Леча, Дадаев Сайд-Хьасан, хIокху могIанийн автор.

Билал хасто а, шех лаьцна йаздан а , шех масал эца а хьакъ вара. Иза кхелхина 1999-чу шарахь.

Магомаев Салавди

ПИЧНОСТЬ

ДУКУВАХА АБДУРАХМАНОВ

СВЕТЛОЙ ПАМЯТИ ПРЕДСЕДАТЕЛЯ ПАРЛАМЕНТА ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ ДУКУВАХИ АБДУРАХМАНОВА

Родился он 14 марта 1956 г. в г. Караганда Казахской ССР.

Ученый, оратор, историк, патриот, интеллигент и очень хороший человек - каждое из этих призваний было им заслужено. За время своего руководства в Парламенте ЧР он поднял его на новую ступень, углубил и расширил работу по улучшению своей родной Чечни во всех сферах.

Дукуваха был ярким, принципиальным политиком, который превыше всего ставил интересы народа. Он одним из первых встал на позиции Первого Президента ЧР, Героя России Ахмата-Хаджи Кадырова и остался верен этому курсу до последних дней своих. Его знали и глубоко уважали политики, общественные деятели России.

Своими знаниями и человеколюбием он оставил светлый след в памяти своих земляков и всех, кто был с ним знаком. Дукуваха Баштаевич навсегда останется в памяти Чеченской Республики.

Сегодня наследие Дукувахи с благодарностью принято его приемниками, а память об этом удивительном человеке навсегда останется в памяти чеченского народа.

Дала декьал войла, Дукуваха !!!

***

Я славлю его, что в ненастье
Вел Чечню к вершине счастья,
Что, победив в борьбе беду,
Отдался честному труду.
Я славлю его, что в трудный час
Своим примером учил нас,
Что и в проигранном бою
Не предал землю-мать свою.
Я славлю его, в ком обновленье



Родило гордость и терпенье.
И сколько б ни возникло бед,
Он дарил всем добро и свет,
И ждал он новых перемен,
Что замелькали там, вдали.
Когда умрет застойный плен,
Пройдет болезнь родной Чечни...
Он верил в Чечню и Россию.
И славил вечный их Союз!

Увайс Лорсанукаев

БЛАГИЕ ДЕЯНИЯ

В ДУМ ЧР ПРОШЕЛ КОНКУРС «СЧАСТЛИВЫЙ МЕСЯЦ – РАМАДАН»



В нем приняли участие 40 детей-сирот из малоимущих семей от 8 до 14 лет с разных районов республики. Основная цель проведения данного конкурса – это привить любовь и почитание к Священному Корану и Пророку Мухаммаду (да благословит его Аллах и приветствует), воспитание подрастающего поколения в духе Ислама.

Конкурс проводился в два этапа: первый этап – тестовые задания про жизнеописание Пророка Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует) и второй раунд – вопросы на знание основ Ислама.

Победителей и призеров ожидало денежное вознаграждение: 1 место – 30000, 2 место – 20000 и 3 место – 15000.

Также все участники получили по 5000 р. от РОФ им. Первого Президента Чеченской Республики, Героя России А. Кадырова и грамоты за участие.

ДУМ ЧР

В РАМАДАН В ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКЕ БУДЕТ РАБОТАТЬ БЕСПЛАТНОЕ ТАКСИ

В месяц Рамадан в Чеченской Республике начнет свою работу бесплатное такси «Имран». Это волонтерский штаб, призванный помочь нуждающимся на время священного месяца, рассказал «Грозный-информ» инициатор акции Мовсар Ибрагимов.

Такси представляет собой некоммерческий волонтерский штаб, участники которого на безвозмездной основе развозят людей в месяц Рамадан. Акция впервые запущена в 2019 году и с тех пор проводится ежегодно.



«Бесплатный таксопарк начал работать в начале месяца Рамадан 2019 года. В первый день я развозил людей один. Но дал объявление о том, что организована такая акция. Вначале я думал, если ко мне присоединится хоть один человек, - это уже будет отлично. Но на следующий день со мной было уже 5 водителей. Также интерес проявили и наши СМИ», – поделился Мовсар.

Отметим, свое название «Имран» волонтерское движение получило в прошлом году в честь одного из первых его участников - оператора ТРК «Путь» Имрана Абазаева, жизнь которого оборвалась из-за болезни.

Как признается автор проекта, число желающих сделать доброе дело в Рамадан растет с каждым годом. Это люди самых разных профессий: общественные деятели, госслужащие, сотрудники частных предприятий и даже судья. Сам М. Ибрагимов является помощником председателя Общественной палаты ЧР и сотрудником Госуправления по кинематографии Министерства культуры ЧР.

Зарема Ахмадова

НОХЧИЙН МЕТТАН ШО

«НОХЧИЙН МЕТТАН ГОВЗАНЧА»

КЪОВСАМАН ХЬАЛХАРА МУР

Мотт – иза къомах мел хьакхалучу хIуманан орам бу. Матто латтош йу адамийн вовшашца йолу уьйр-марзо. Иштта матто деш ду маслаIат а. Вайн дайша эрна баьхна дац – «Мотт бу, къам ду, мотт бац, къам дац». Къомах къам дийриг мотт бу. Цундела вайн деза декхар ду къоман орам лар-бар. Мотт Iалашбар.

2022-гIа шо чекхдолуш вайн Мехк-Дас дIакхайкхийра 2023-гIа шо «нохчийн меттан шо» ду аьлла. Махкахошна цунах боккха кхаъ хилира. Ларам-за дацара Кадыров Ахьмад-Хьаьжин Рамзана карара шо нохчийн маттан ларар. Вайна хууш ма-хиллара, цIенна нохчийн маттахь арадолучу «Дай-мохк» газетан кху шарахь I00



шо кхачарца доьзна дара иза. Тахана республикехь дIахьош цхьамогIа мероприятеш йу. Массо а хьукмат боккха кхаъ хилла дакъалоцуш йу цу мероприятешкахь. Соьлжа-ГIалин дешаран Департаментехь нохчийн маттана леринчу шарна хIоттийна йоккха план йу. Иштта Соьлжа-ГIалин Мэрин школахой кхиоран дешаран Департаменто шен йоккха программа кечйина. Соьлжа-ГIалин муниципипальни дешаран системехь нохчийн маттана лерина шо дIадолош цара хIоттийра вайн дешаран хьукматашкахь болчу дешархошна а, хьехархошна а лерина «Къоман седарчий» цIейолу проект. Иштта хьехархошна лерина йу цо кечйина программаш. Кадыров Ахьмад-Хьаьжин (Дала гIазот къобалдойла цуьнан) цIарах йолчу суьртийн галерейхь дIайаьхьира йаздархошца цхьаьна йоккха мероприяти. Вайн Мехк-Дас 2023-гIа шо нохчийн метан шо ларарх доккха беркат даьлла, цу галерейхь вайн мехкан говзачу суьрташдахкархоша дехкинчу суьртийн цIераш а цIенна нохчийн матте йохура цо. Иштта йуьстаха цайисна цхьа а кIошт. Доккхачу хазахетарца дакъалоцуш бу вайн махкахой. Делахь а, вайна махаьара, уггаре коьрта къовсам бу «Нохчийн меттан говзанча» цIе йолу къовсам. Иза масех муьре дIасабекъна бу. Цуьнан



хьалхара мур дIабаьхьира бекарг беттан цхьайтталгIачу дийнахь. Нохчийн Республикин йерриге а кIошташкахь а, шахьаршкахь а цу къовсамна лерина кечйина меттигаш йара. Цундела аьтто хилира цхьана дийнахь, цхьана хенахь цу къовсаман хьалхара мур дIабахьа.

Хьалхарчу муьрана лерина ткъе йалх хаттар дара. Хьалхарчу ткъе шина хаттарна нийса далийначу хIора дашна цхьацца балл луш йара, ткъа 23-26-чуй хаттаршна – хIоранна 3 балл. ТIедахкарш чолхе а дацара. Муьлхха а нохчичунна шен дахарехь хаа дезаш а, довза дезаш а долу хIуманаш дара. Массанхьа а санна, Невран кIоштахь а йара цунна лерина кечйина меттиг. Невран кIоштан Новотерски йуьртарчу Хамидов Эльмурзин цIарах йолчу ишколехь дIабаьхьира хьалхара мур. Бакъдолуш, бина кечамаш дика а, лаккхарчу тIегIанахь а бара. Невран муниципальни кIоштан администрацин куьйгалхочун Бухадиев Айбин Мохьмадан тергонехь дара цигара хьал. Иштта цу къовсаман хьалхарчу муьре веара Мохьмадан заместитель Бисултанов Хьасанан Асланбек. Дакъалацархошка а, иштта Соьлжа-ГIалара йеанчу комиссе а нохчийн Iадатца догIучу кепара вист а хилла, шаьш муьлххачу а хIуманна накъостий дуй дIахаийтира цо. И къовсам чекхбаллалц цигахь саца а сецира иза. Цул сов, цу школин директор Идрисова Зара а тIех дика кечам бинера шен белхан накъосташца Саламова Асетаца а, Тазбаева Заремица а, иштта шен белхан накъосташца а цхьаьна. Цул сов, нохчийн кхерчахь санна, хьешашна даарх йуьзна стол а йара. Къовсамна йелла хан кхо сахьт йара. Цул тIаьхьа, цу къовсаман хьалхара мур чекхбаьлча, хьеший йуучух а кхеташ, дIасабевлира. Иштачу къовсамашкахь доккха беркат ду. Цкъа а нохчийн халкъана йукъара дIайовла йиш йоцу марзонаш алсам йовлу.

Хьалхарчу муьрехь бина белхаш толлур бу лерина кхоьллинчу комиссис. Цу йукъахь бу зеделларг долу нах. Талламан болх а, иштта цу «Нохчийн метан говзанча» къовсамах мел хьакхалуш дерг дерриге а дIахьур ду Нохчийн Республикин дешаран а, Iилманан а министерствоца цхьаьна, Нохчийн меттан институто. И къовсам лаккхарчу тIегIанахь дIабахьа бина кечам а, аьттонаш а бу Нохчийн Республикин дешаран а, Iилманан а министра Дааев Буарин Хож-Бауидис. Цунна само йеш, хаддаза и гIуллакх шен тергонехь латтош ву Хож-Бауди. Цунна доккха накъосталла до министран заместителя Зубхаджиев Вахин Мохьмад-Iелас. Цара шайна тIедехкина дехкарш дIакхоьхьуш йу Нохчийн меттан институт. Цуьнан директора Овхадов Рукъманан Мусас шена Iилманан болх тIехдика бовзарна, ша Iилманан стаг хиларе терра боккхачу кхиамца дIахьош бу и къовсам. ХIинца хьалхарчу муьрехь бина белхаш толлуш бу. РогIера, шолгIа мур хир бу, хьалхарчу муьрана жамIаш динчул тIаьхьа. Иштта, хIора а муьран толамхой билгал а бохуш, цу къовсаман финал хир йу шо чекхдолуш. Ткъа цу финалехь билгал бевр бу дерриге а зерех чекхбевлла, шайн хаарш лакхара хилар гайтина толамхой.

